

COVID-19: Kisa piblik-la dwe fè

Gen yon epidemi ki ankou kounyea e se kowonavirus COVID-19 ki lakòz. Yo te detekte epidemi a an Chin men aktyèlman epidemi a pwopaje entènasyonnalm, epi li afekte yon nonb kwasant peyi. An Chin kounyea, efò soutni dirab ap reyalize pou anpeche maladi a pwopaje. Andeyò Lachin, yo konstate virus la pwopaje de yon moun a yon lòt, asosye leplisouvan ak moun ki vin an kontak sere ak yon paysan ki déjà enfekte ak COVID-19. Poulemoman, yo pa konstate pwopagasyon COVID-19 onivo kominate nan Etazini.

Nan jou ak semenn k'ap vini-yo, nou atann aske gen plis ka ki konfime nan Etazini, virus-la ka pwopaje de yon moun a yon lòt. CDC organize yon repons agresif e kontini onivo sante piblik nan bi anpeche virs COVID-19 pwopaje nan Etazini.

Kisa ou ta dwe fè

- **RETE ENFÒME** –CDC mete ajou sitweb-li toulejou ak dènye enfòmasyon ak konsèy pou piblik-la. (www.cdc.gov/ncov)
- **TOULEJOU CHONJE PRAN MEZI PREVANSYON** ke yo rekòmande pou anpeche virus respiratwa pwopaje piplis.
 - » Evite kontak sere ak moun ki malad.
 - » Si ou-menm ou malad, limite kontak ak lezòt otanke posib.
 - » Rete lakay-ou si ou malad.
 - » Kouvri nen ou ak bouch ou lè w ap touse oswa estènye. Evite manyen zye ou, nen ak bouch ou avèk men ki pa lave; mikwòb gaye fason sa.
 - » Netwaye epi dezenfekte sifas ak objè ki ka kontamine ak jèm maladi.
 - » Lave men ou souvan ak savon epi dlo pou omwen 20 segonn. Si savon ak dlo pa disponnib, itilize pou fwote men w alkòl ki gen omwens 60% alkòl.
- **SI OU SANTI OU MALAD** ak lafye, tous oswa gen difikilte respire epi ou te vwayaje pou al an Chin oswa ou te an kontak sere ak yon moun ki enfekte ak COVID-19 nan 14 dènye jou-yo, anvan ou santi ou malad, al wè dokté w pou w jwenn tretman. Anvan ou deplase pou al nan klinik dokté oswa nan sal eméjennsi, rele davans pou di-yo vwayaj resan ou fè ak sentòm.



Kisa ou pa ta dwe fè

- **PA** vwayaje pou al an Chin.
- **PA** itilize mask pou figi. CDC pa rekòmande itilize mask pou figi **pou piblik nan peyi U.S.** kòm fason anpeche COVID-19 gaye.
- **PA** montre prejidis anvè moun dorijin Azyatik, akòz laperèz nouvo virus sa kreye. Pa sipoze paske yon moun dorijin azyatik li ka enfekte ak COVID-19.

Tout moun nan peyi Etazini — moun dorijin Azyatik ladann tou—ki pat vwayaje pou al an Chin oswa te an kontak sere ak moun enfekte ak COVID-19, konfime oswa sispekte, nan dènye 14 jou ki sot pase, pa gen yon gwo risk pou yo vin malad.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit: www.cdc.gov/COVID19